



Chè Nouvo Pasyan Medikal,

Mèsi paske ou chwazi Choptank Community Health pou bezwen medikal ou yo.

Ou ap jwenn ansanm ak lèt sa a enfòmasyon pou ou ranpli epi pou ou voye l tounen. Enfòmasyon sa yo pral ede nou reyisi premye vizit nou pral ba ou a epi yo pral ede nou etabli yon plan swen pou ou antanke nouvo pasyan.

Tanpri li avèk anpil atansyon tout dokiman ki atache ak lèt sa a. Dokiman ki atache ak lèt sa a gen ladan:

- Fòm mizajou demografik – tanpri siyen l epi mete dat ladan
- Fòm pou Nouvo Pasyan ki Adilt – tanpri ranpli l
- Avi sou Pratik Konfidansyèl – Enfòmasyon pou ou
- *Konsantman ak Asiyasyon – fòm sa a ap pèmèt ou deziyen moun ou ta renmen nou pataje enfòmasyon sante ou ak yo, tanpri ranpli l epi siyen l*
- Responsablite Finansye Pasyan an – *fòm sa a esplike responsablite finansye ou yo, tanpri siyen l*
- Fòm Otorizasyon Dosye Medikal
- Rekonèt Rediksyon Tarif yo – Fòm sa a apèsi sou pwogram tarif redwi nou an, ki bay yon èd fimnansye pou bezwen medikal ou yo, bezwen dantè ou yo, ak bezwen ou genyen anrapò ak swen sante konpòtmantal – tanpri ranpli li epi siyen l

Lè ou fin ranpil fòm ki atache yo, tanpri voye yo retounen nan biwo nou an nan anvlòp tenbre yo te bay pou ou voye yo a. Ou voye yo tou nan faks, lè ou sèvi ak fèy akonpayman ki atache ak lèt sa a. **Depi ou fin voye dokiman yo retounen, nou pral kontakte ou pou n ka pran yon randevou.**

Si ou gen kesyon, tanpri kontakte nou nan:

Site	Phone	Fax
Bay Hundred Medical Center (St. Michaels)	(410) 745-0200	(833) 908-2281
Chestertown Health Center	(443) 215-5353	(833) 615-2165
Denton Health Center	(410) 479-2650	(833) 908-2283
Easton Pediatrics	(410) 770-8910	(833) 908-2284
Fassett Magee Medical Center (Cambridge)	(410) 228-9381	(833) 908-2286
Sant Medikal Federalsburg	(410) 754-9021	(833) 908-2285
Sant Medikal Goldsboro	(410) 634-2380	(833) 908-2287

Mèsi ankò paske ou chwazi Choptank Community Health. Nou pa tann pou n travay ansanm avè ou pou n ka ba ou swen nan domèn medikal.



Nan ki biwo ou vle fè yo pran swen ou?

- Bay Hundred Medical Center
- Chestertown Health Center
- Denton Health Center
- Easton Health Center
- Fassett Magee Medical Center (Cambridge)
- Federalsburg Medical Center
- Goldsboro Medical Center

Fòm Mizajou Demografik Pasyan an

ENFÒMASYON SOU PASYAN AN					
Siyati:			SSN#:		
Non:	Non Milye: Inisyal:		DAT NESANS:	Sèks:	
Adrès Lakay 1:			Laj:		
Apt/Chanm #:			#Telefòn Lakay:		
Vil, Eta, Kòd Postal:			Ras/Orijin Etnik:		
Imèl:			# Telefòn Salòn:		
Lang:					
Pati Responsab					
Non:					
Adrès:					
Nimewo Telefòn:					
FAMASI PREFERE:					
Non Famasi:			#Telefòn Famasi:		
Adrès famasi:			Vil/Eta/ Kòd Postal:		
ENFÒMASYON KONTAK POU IJANS: (Nan ka ijans ki moun ki ta dwe avèti?)					
Non:		#Tel efòn:		Relasyon:	
ASIRANS PRENSIPAL:					
Non Plan/Politik:			Gwoup #:		
#Plan Telefòn:			Enskri Dat Nesans:		
Enskri Non:			Enskri ID:		
ASIRANS SEGONDÈ					
Non Plan/Politik:			Gwoup #:		
#Plan Telefòn:			Enskri Dat Nesans:		
Enskri Non:			Enskri ID:		

Siyati pasyan oswa moun ki otorize: _____ Dat: _____

NON: Siyati _____ Non _____ Inisyal non nan mitan an _____

DAT NESANS:

NIMEWO TELEFÒN: Adomisil _____ Selilè _____ Travay _____

ASIRANS:

LIS AKTYÈL PWOFEZYONÈL SANTE, FAMASI, AK FOUNISÈ YO

Anvan sa, ki moun ki te Doktè ou oswa Pwofesyonèl sante ou?	
Dat Dènye Vizit ak Founisè anvan an:	
Ki non espesyalis ou te wè yo nan ane ki sot pase a?	
Nan ki lopital oswa sal ijans yo te konsilte ou nan ane ki sot pase a?	
Ki famasi ou itilize pou medikaman ou yo?	
Ki non nempòt konpayi ki konn ba ou materyèl oswa sèvis medikal?	

ALÈJI, MEDIKAMAN, AK VAKSEN

Èske ou fè alèji ak yon medikaman, manje, oswa alèjèn nan anviwònman an?	___ Wi ___ Non
	Si wi, tanpri ekri l:

<p>Èske ou ap pran yon medikaman, yon medikaman san preskripsyon oswa remèd fèy?</p> <p>*Pa gen okenn garanti CCHS ap kontinye preskri medikaman ansyen pwofesyonèl sante yo*</p>	<p>___ Wi ___ Non</p> <p>si wi, tanpri ekri non tout medikaman ou ap pran yo, ekri dòz la epi chak kilè ou pran yo:</p> <p>_____</p> <p>_____</p> <p>_____</p> <p>_____</p> <p>_____</p> <p>_____</p> <p>_____</p> <p>_____</p> <p>_____</p>
<p>Èske w te pran nenpòt nan vaksen sa yo: Grip, Tdap, Nemoni, Zona, oswa COVID-19?</p>	<p>___ Wi ___ Non</p> <p>Si wi, tanpri make non vaksen an ak kote ou te pran l la:</p> <p>_____</p> <p>_____</p>

ISTWA JINEKOLOJIK (FANM BYOLOJIK)

<p>Dat dènye pap tès la:</p>	<p>_____</p>
<p>Èske ou te deja fè yon pap tès ki pa nòmal?</p>	<p>___ Wi ___ Non</p>
<p>Dat dènye peryòd règ la:</p>	<p>_____</p>
<p>Vide anpil, dire, ak kantite fwa règ la vini:</p>	<p>Konbyen fwa ou gen règ?</p> <p>_____</p> <p>Konbyen tan règ ou fè (jou)?</p> <p>_____</p> <p>Ki jan ou ta dekri fason l vide a (nòmal, lejè, anpil)?</p> <p>_____</p>
<p>Ki laj ou te genyen lè ou te kòmanse gen règ ou?</p>	<p>_____ ane</p>

Eske ou te kòmanse menopoz ou?	<p>___ Wi ___ Non</p> <p>Si wi, ki laj ou te genyen lè ou te kòmanse menopoz la?</p> <p>_____</p>
Ki laj ou te genyen lè ou te fè premye pitit ou a?	<p>_____ ane</p>
Ki metòd planin ou genyen kounye a?	<p>_____</p>
Èske ou enterese nan yon lòt metòd planin?	<p>___ Wi ___ Non</p> <p>Si wi, nan ki metòd ou enterese?</p> <p>_____</p>
Èske ou aktif seksyèlman?	<p>___ Wi ___ Non</p>
Èske ou gen pwoblèm seksyèl?	<p>___ Wi ___ Non</p> <p>Si wi, ki pwoblèm ou genyen?</p> <p>_____</p>
Èske ou te enfekte ak yon maladi moun pran nan fè sèks?	<p>___ Wi ___ Non</p> <p>Si wi, ki maladi epi ki lè?</p> <p>_____</p>
Dat dènye kolonoskopi a:	<p>_____</p>
Dat dènye mamogram nan:	<p>_____</p>
Dat dènye tès sou dansite zo yo:	<p>_____</p>

ISTWA GWOSÈS (FANM BYOLOJIK)

Konbyen fwa ou te ansent?	<p>_____</p>
Konbyen gwasès ou te genyen ki te rive nan dat yo?	<p>_____</p>
Konbyen gwasès ou te genyen ki pa t rive nan dat yo (anvan lè)?	<p>_____</p>

Konbyen avòtman ou te fè?	_____
Konbyen foskouch ou te fè?	_____
Konbyen fwa ou te ansent deyò matris?	_____
Èske ou te fè plizyè pitit?	_____
Konbyen nan pitit ou yo ki vivan?	_____
Dat akouchman gwosès ki pase yo	_____

ANTESEDAN FAMILYAL

Èske yon moun nan fanmi OU te gen nenpòt nan bagay sa yo?

	Manman	Papa	Frè ak sè	Grann oswa Gran Papa
Kansè (ki kalite? _____)	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Dyabèt	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Maladi kè	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Kolestewòl ki Wo	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Tansyon wo	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
ADD/ADHD	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Alèji	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Atrit	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Opresyon	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Emoraji oswa Pwoblèm Kowagilasyon	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Fibwoz kistik	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Depresyon	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi

Mouri Bonè	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Maladi Jenetik	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Tèt fè mal	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Enfeksyon VIH	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Maladi Ren	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Sikyatrik	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Twoub kriz malkadi	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Pwoblèm Falsifòm	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Estwok	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
PwoblèmTiwoyid	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi
Tibèkiloz	___Wi	___Wi	___Wi	___Wi

EDIKASYON AK OKIPASYON

Ki pi gwo klas oswa nivo eskolè ki pi wo ou te rive oswa ki pi gwo diplòm ou te resevwa?	_____	
Èske ou lekòl toujou?	___ Wi	___ Non
Èske w ap travay kounye a?	___ Wi	___ Non
Kiyès ki patwon ou?	_____	
Èske gen yon risk pou sante anrapò ak travay nan kote ou ap travay?	_____	

AKTIVITE OU FÈ CHAK JOU AK ESTATI SOSYAL OU

Èske ou ka pran swen tèt ou poukont ou?	___ Wi	___ Non
Èske ou avèg oswa ou gen difikilte pou ou wè?	___ Wi	___ Non
Èske ou soud oswa ou gen difikilte pou tande?	___ Wi	___ Non
Èske ou gen difikilte pou ou konsantre, pou ou sonje oswa pou ou pran desizyon?	___ Wi	___ Non
Èske ou gen difikilte pou mache oswa monte eskalye?	___ Wi	___ Non
Èske ou gen difikilte pou ou abiye oswa pou ou benyen?	___ Wi	___ Non
Èske ou gen difikilte pou ou al achte poukont ou?	___ Wi	___ Non
Èske ou ka mache?	___ Wi	___ Non

Èske ou gen kèk difikilte pou transpò?	___ Wi	___ Non
Èske ou gen enkyetid pou satisfè bezwen debaz ou yo nan manje, lojman, chofaj, elatriye?	___ Wi	___ Non
Èske ou ap viv poukont ou oswa ak lòt moun?		
Èske ou marye?	___ Wi	___ Non
	Sinon, èske ou nan yon relasyon?	
	___ Wi	___ Non

KONSIY ALAVANS

Èske ou gen konsiy alavans (MOLST, Testaman)	___ Wi	___ Non
Ki kòd estati ou?	___ Kòd konplè	___ Pa Reyanime (DNR)
Èske ou gen yon avoka medikal?	___ Wi	___ Non

ITILIZASYON SIBSTANS

Èske ou fimen oswa èske ou deja fimen tabak?	___ Wi	___ Non
Ki kantite tabak ou fiimen?	_____ Pòch chak jou	
Èske ou ap itilize oswa èske ou deja itilize nenpòt lòt fòm tabak oswa nikotin?	___ Wi	___ Non
Èske ou ap itilize oswa èske ou te deja itilize sigarèt elektwonik oswa vapè?	___ Wi	___ Non
Èske ou ap itilize oswa èske ou deja itilize tabak san lafimen?	___ Wi	___ Non
	Si wi, ki kantite tabak ou chike? _____	
Èske ou bwè alkòl?	___ Wi	___ Non
	Si wi, ki kantite alkòl ou bwè? _____	

Èske ou itilize nenpòt dwòg nan lari, tankou marigwana?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Si wi, ki medikaman ou ap itilize oswa ki medikaman ou te itilize? _____ _____ _____
Ki kantite ou bwè?	_____

KAY AK ANVIWÒNMAN

Èske ou se yon moun k ap bay swen?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Èske ou itilize gadri?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Si wi, ki kalite gadri ou itilize? _____
Èske ou gen yon bèt domestik?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Èske ou gen detektè lafimen ak monoksid kabòn lakay ou?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Èske ou te gen kontak ak yon lòt moun ki fimen nan kay la?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Èske gen yon zam lakay ou?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Èske ou toujou itilize ensektisid oswa pwodui pou repouse ensèk?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Èske ou toujou itilize krèm pou pwoteje ou kont solèy?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

REJIM AK EGZÈSIS

Ki kalite rejim ou ap swiv?	<input type="checkbox"/> Nòmal <input type="checkbox"/> Ki pa gen anpil sèl <input type="checkbox"/> Ki pa gen anpil glisid <input type="checkbox"/> Kolestewòl ki ba <input type="checkbox"/> Vejetaryen oswa vejetalyen <input type="checkbox"/> Lòt _____
Èske ou gen yon restriksyon limantè? (pa pran pwodui letye, san glitenn, elatriye)	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Si wi, ki restriksyon? _____
Ki nivo aktivite fizik ou?	<input type="checkbox"/> Inaktif <input type="checkbox"/> Lejèman aktif <input type="checkbox"/> Pa twò aktif <input type="checkbox"/> Trè aktif

Konbyen jou ou fè aktivite fizik soti nan modere rive nan difisil pandan semèn ki sot pase a?	_____
---	-------

BEZWEN APRANTISAJ AK BEZWEN SOSYAL

Èske w te deja viktim abi oswa abandon?	___ Wi ___ Non
Ki lang prefere ou?	_____
Ki lang ou pale?	_____
Ki lang ou kapab li?	_____
Èske ou gen nenpòt bezwen espesyal nan domèn edikasyon nou ta dwe konnen?	___ Tande ___ Wè ___ Pale ___ Espirityèl ___ Kwayans Kiltirèl

IDANTITE SEKSYÈL AK IDANTITE LGBTQ

Ak ki sèks ou idantifye ou?	_____
Ki sèks yo te ba ou lè ou te fèt?	_____
Ki pwonon ou prefere?	_____
Ki oryantasyon seksyèl ou?	_____

ISTWA CHIRIJIKAL/GRÈF

Èske ou te deja fè operasyon?	___ Wi ___ Non Si wi, tanpri endike ki operasyon ak dat la, si ou konnen l _____ _____ _____ _____ _____
Èske ou gen yon grèf chirijikal oswa aparèy ki grefe (jinekolojik, estimilatè kadyak, òtopedik, optik, elatriye)	___ Wi ___ Non Si wi, ki grèf ou genyen? _____ _____ _____ _____

ENFÒMASYON MEDIKAL KI PASE

Èske ou genyen oswa èske ou te deja genyen nenpòt nan bagay sa yo?

ADD/ADHD	___ Wi	Blesi nan tèt / Chòk	___ Wi
Abi/Vyolans Domestik	___ Wi	Tèt fè mal	___ Wi
Remonte Asid (GERD)	___ Wi	Maladi kè	___ Wi
Akne	___ Wi	Epatit	___ Wi
Alèji (manje, sezon, anviwònman)	___ Wi	Kolestewòl ki Wo	___ Wi
Anemi	___ Wi	VIH	___ Wi
Twoub Angwas	___ Wi	Ipètansyon (Tansyon wo)	___ Wi
Twoub Espèk Otis	___ Wi	Ipètiwoyidis	___ Wi
Pwoblèm nan blad pipi oswa nan ren	___ Wi	Ipotiwoyidis	___ Wi
Transfizyon San	___ Wi	Maladi Ren	___ Wi
Pwoblèm tete	___ Wi	Maladi Sante Mantal	___ Wi
Kansè	___ Wi	Osteyopowoz	___ Wi
COPD (anfizèm, elatriye)	___ Wi	Sendwòm ovè polikistik	___ Wi
Konstipasyon	___ Wi	Pre-eklanmsi	___ Wi
Twonboz nan venn ki pwofon (DVT boul san)	___ Wi	Anbolis poumon	___ Wi
Dyabèt	___ Wi	pwoblèm po	___ Wi
Pwoblèm zòrèy oswa tande	___ Wi	TB Pozitif (tès po TB pozitif oswa QuantiFERON gold)	___ Wi
Andometriyoz	___ Wi	Tibèkiloz	___ Wi
Epilepsi (twoub kriz malkadi)	___ Wi		___ Wi

Tanpri mansyone lòt enfòmasyon si sa nesèsè:

Choctank Community Health System, Inc. Avi sou Pratik Konfidansyalite
25 Mas 2014

Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a dekri enfòmasyon medikal pèsònèl nou kolekte, ki jan ak ki lè nou ka itilize oswa pibliye enfòmasyon sa yo. Li dekri tou dwa ou genyen yo ak responsablite nou genyen konsènan Enfòmasyon Medikal ki Pwoteje (Protected Health Information, PHI) ou genyen yo.

Kijan CCHS pral sèvi ak Enfòmasyon Medikal ki Pwoteje ou genyen yo?

1. Nou pral itilize enfòmasyon medikal ou yo pou **tretman an**. Enfòmasyon anplwaye a jwenn yo pral anrejistre nan dosye medikal ou epi yo pral itilize yo pou detèmine ki tretman ki ta dwe pi bon pou ou.
2. Nou pral itilize enfòmasyon medikal ou yo pou **pèman**. Yo ka voye yon fakti ba ou oswa bay konpayi asirans ou a. Enfòmasyon ki nan fakti a oswa ki mache ak fakti a ka gen ladan enfòmasyon ki pèmèt yo idantifye ou ansanm ak dyagnostik ou yo, pwosedi ak pwodwi yo itilize pandan vizit ou a.
3. Nou pral itilize enfòmasyon medikal ou yo pou **entèvansyon** nòmal ki anrapò ak sante. Manm ekip ki responsab amelyorasyon kalite a ka itilize enfòmasyon ki nan dosye medikal ou yo pou evalye swen ak rezilta yo nan ka pa ou ak nan lòt ka ki sanble ak sa. Apre sa, yo ka itilize enfòmasyon sa yo toutpandan n ap fè efò pou n kontinye amelyore kalite ak efikasite swen sante n ap bay yo.

Lòt fason nou ka itilize enfòmasyon medikal ou yo:

1. Gen kèk sèvis yo bay nan òganizasyon nou an atravè kontra ak patnè komèsyal yo. Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo avèk yo.
2. Sòf si ou fè nou konnen ou pa aksepte, nou ka itilize non ou pou rezon anyèl.
3. Nou ka pataje enfòmasyon yo pou enfòmasyon yon manm fanmi, yon reprezantan pèsònèl oswa yon lòt moun ki responsab pou pran swen ou, pozisyon ou ak eta jeneral ou.
4. Nou ka pataje enfòmasyon ou yo nan objektif pou fè rechèch lè chèchè yo te etabli pwosedi pou gen asirans enfòmasyon ou yo ap rete konfidansyèl.
5. Nou gen dwa pataje enfòmasyon yo bay òganizasyon k ap kolekte ògàn yo nan objektif pou fè don tisi oswa pou fè grèf oswa ak ponp finèb yo.
6. Nou ka kontakte ou pou fè ou sonje randevou ou yo oswa pou ba ou enfòmasyon sou lòt tretman ou ka jwenn yo.
7. Nou ka kontakte ou nan kad yon efò k ap fèt pou ranmase lajan. Sepandan, ou ka Soti nan pratik sa a lè ou voye yon lèt bay CCHS nan adrès ki anba a pou ou mande retire ou nan pratik sa a. Gade anba a enfòmasyon sou Otorizasyon pou Retrè/ Anile.
8. Nou ka itilize enfòmasyon ou yo pou pèmèt nou fè retrè, reparasyon oswa ranplasman pwodwi yo.
9. Nou ka itilize enfòmasyon ou yo pou fè respekte lwa tankou konpansasyon travayè yo oswa pwogram ki sanble ak sa.
10. Nou ka pataje enfòmasyon ou yo bay otorite sante piblik yo oswa bay otorite legal yo ki responsab pou fè prevansyon oswa kontwole maladi, blesi oswa andikap.
11. Nou ka pataje enfòmasyon ou yo bay etablisman koreksyonèl yo oswa bay lapolis.

Dwa ou genyen nan domèn enfòmasyon medikal:

- Jwenn yon kopi nan avi sa a.
- Egzamine epi kopye dosye medikal ou a.
- Modifye dosye medikal ou.
- Jwenn yon rapò sou piblikasyon enfòmasyon medikal ou yo.
- Mande pou pataje enfòmasyon medikal ou yo lòt fason.
- Mande yon restriksyon sou kèk itilizasyon ak piblikasyon enfòmasyon si yo te peye nèt pou sèvis sa yo ak lajan kach, sof si Lwa Eta a oswa Federal la egzije sa.
- Anile otorizasyon ou nan pou itilize oswa pibliye enfòmasyon sou sante ou. Gade anba a nan Seksyon Otorizasyon pou Retrè/ Anile a

CCHS mande pou:

- Kenbe enfòmasyon medikal ou yo konfidansyèl.
- Ba ou avi sa a ki dekri obligasyon legal nou genyen yo ak pratik konfidansyalite nou yo.
- Respekte akò sa a.
- Mete ou okouran si nou pa kapab aksepte yon restriksyon yo mande.
- Bay yon repons ak demann rezonab ou ka fè pou pataje enfòmasyon medikal yo lòt fason.
- Jwenn yon otorizasyon apa pou itilize ak pibliye nòt sikoterapi, objektif maketing ak vann PHI ou
- Jwenn yon otorizasyon apa pou itilize oswa pibliye nenpòt lòt itilizasyon ki pa t pibliye nan Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a.
- Fè ou konnen tout vyolasyon enfòmasyon ki gen efè sou enfòmasyon konfidansyèl ou yo ak PHI ou.

CCHS gen dwa pou chanje pratik nou yo epi fè nouvo dispozisyon yo aplikab pou tout enfòmasyon medikal ki pwoteje n ap konsève yo. Si pratik konfidansyalite nou yo chanje, nou pral ba ou yon kopi nan avi ki revize a. Nou pa pral pataje oswa itilize enfòmasyon medikal ou yo san ou pa bay otorizasyon (eksepte jan yo dekri sa nan avi sa a). N ap sispann itilize oswa pibliye enfòmasyon medikal ou yo tou apre nou fin resevwa demann alekri ou la.

RETRÈ/Anile Pwosesis Otorizasyon an:

Si ou ta renmen retire itilizasyon oswa Anile yon otorizasyon konsènan itilizasyon ak piblikasyon PHI ou la, tanpri ekri yon lèt ki gen Non ou, Dat Nesans ou ak adrès ou, ansanm ak demann ou fè pou ou Retire oswa Anile yon otorizasyon (fè efò pou ou presi) tou:

Choptank Community Health System, Inc.
301 Randolph Street
Denton, MD 21629

Adrès ou ak: Responsab Konfidansyalite a

Sistèm Enfòmasyon Rejyonal Chesapeake pou Pasyan nou yo (Chesapeake Regional information System for our Patients, CRISP)

Choptank Community Health System, Inc, ansanm ak anpil lòt òganizasyon swen sante, patisipe nan CRISP. Sistèm Enfòmasyon Rejyonal Chesapeake pou Pasyan Nou yo, oswa CRISP, se pa yon konpayi k ap chèche fè pwofi, li gen ladan yon pakèt aktè ki se manm konsèy, ki responsab swen sante sitwayen Maryland yo. Nou resevwa opinyon ak konsèy nan men pasyan yo, sistèm lopital yo; doktè yo; founisè asirans yo; founisè teknoloji yo; defansè lavi prive yo; responsab sante piblik yo; ak defansè moun aje yo, moun ki pa gen asirans yo, ak moun ki pa jwenn sèvis medikal yo.

Komisyon Swen Sante Maryland nan konsidere CRISP ofisyèlman kòm echanj enfòmasyon medikal (health information exchange, HIE) nan tout eta Maryland nan, selon enstriksyon palman ki nan eta a ak Gouvènè Martin O'Malley te bay. Biwo Kowòdonatè Nasyonal (Office of the National Coordinator, ONC) pou Teknoloji Enfòmasyon Medikal la te nonmen CRISP tou Sant Ekstansyon Rejyonal (Regional Extension Center, REC) nan Maryland pou IT Sante, avèk kòm objektif pou ede 1,000 founisè swen prensipal yo etabli Dosye Sante Elektwonik yo (Electronic Health Records, EHRs) epi atenn yon itilizasyon ki efikas apati 2014.

Choptank Community Health System, Inc. te chwazi patisipe nan echanj enfòmasyon medikal CRISP yo. Jan lalwa pèmèt sa, yo pral pataje enfòmasyon medikal ou yo ak echanj sa a yon fason pou yo ka bay aksè pi rapid, pou gen yon pi bon kowòdinasyon oswa swen epi pou ede founisè yo ak responsab sante piblik yo pran bonjan desizyon. Ou ka SOTI nan pratik sa a epi anile tout aksè ak enfòmasyon medikal ou yo ki disponib atravè CRISP lè ou rele 1-877-952-7477 oswa lè ou ranpli epi soumèt yon fòm RETRÈ a bay CRISP nan kourye, faks oswa atravè sitwèb yo a nan www.crisphealth.org.

Pou plis enfòmasyon oswa pou rapòte yon pwoblèm, kontakte Responsab Konfidansyalite CCHS la nan 410-479-4306. Ou ka depoze yon plent tou nan Biwo Dwa Sivil, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an, 200 Independence Avenue, NE, Room 509 F, HHH Building, Washington DC, 20201. Yo pa pral pran okenn sanksyon kont yon moun ki depoze yon plent bay ni Responsab Konfidansyalite a oswa Biwo Dwa Sivil la.



Konsantman ak Asiyasyon

REPREZANTAN PÈSONÈL, FANMI OSWA LÒT ANTITE KI GEN OTORIZASYON POU GEN AKSÈ AK ENFÒMASYON SANTE KI PWOTEJE: Chwazi moun ou ap bay otorizasyon nan Choptank Community Health System, Inc. nan pou pibliye enfòmasyon sou sante ou ki pwoteje konsènan tretman, pèman ak lòt operasyon swen sante pou sizoka ou pa disponib.

Non Moun ki gen Otorizasyon an	Relasyon	Nimewo Telefòn
--------------------------------	----------	----------------

Non Moun ki gen Otorizasyon an	Relasyon	Nimewo Telefòn
--------------------------------	----------	----------------

PIBLIYE ENFÒMASYON: Mwen otorize Choptank Community Health System, Inc. pou pibliye enfòmasyon ki nan dosye medikal mwen an bay nenpòt moun, sosyete oswa ajans ki responsab yon fason legal pou trete ak/oswa peye nenpòt pati nan frè sant la ak/oswa frè pwofesyonèl yo. Mwen otorize pou yo pataje yo tou ak travayè/founisè/konsiltan swen sante k ap patisipe nan ban m swen. Pataje enfòmasyon yo bay nenpòt lòt pati ki pa nan sa yo te site anwo a pral mande otorizasyon apa.

ASIYASYON AVANTAJ YO: Nan ka kote mwen gen dwa jwenn avantaj anrapò ak kontra asirans medikal mwen an oswa nan avantaj kontra asirans mwen an ofri, mwen bay, Choptank Community Health System, Inc. avantaj sa yo. Mwen bay tou otorizasyon pou bay **Choptank Community Health System, Inc.** avantaj ki gen rapò ak sèvis medikal yo. Anplis de sa, mwen konprann mwen responsab frè asirans mwen an 'pa kouvri' yo ak/oswa pou frè ki fèt san otorizasyon oswa referans yo.

KONSANTMAN POU SWEN: Pa mwayen dokiman sa a, mwen bay konsantman m ak founisè Choptank Community Health System, Inc. yo pou egzamine, fè yon evalyasyon epi rekòmande tretman ki apwopriye pou eta sante mwen an. Mwen bay konsantman m tou pou kolekte epi analize echantiyon ki nesèsè yo pou evalyasyon dyagnostik anrapò ak sentòm/eta sante mwen an.

DWA AK RESPONSABLITE: Mwen te resevwa epi mwen te li yon kopi "Avi sou Pratik Enfòmasyon Konfidansyèl" nan Choptank Community Health System, Inc. Notifikasyon HIPAA.

Non an Lèt Detache: _____ Dat Nesans: _____

Siyati: _____ Dat: _____



RESPONSABILITE FINANSYÈ PASYAN YO

Mèsi paske ou te chwazi Choptank Community Health System kòm founisè swen sante ou. Nou pran angajman pou ba ou bonjan kalite swen epi mande ou pou ou li epi siyen fòm sa a pou konfime konpranyasyon ou sou responsablite finansyè pasyan nou yo.

Non Malad: _____

Dat Nesans: _____

- Tanpri rive alè nan randevou yo. Si ou gen plis pase 10 minit an reta, li ka nesesè pou ou repwograme randevou ou la.
- Tanpri ban nou yon avi nan 24 èdtan si ou bezwen anile oswa pran yon lòt randevou.
- Si ou rate twa (3) randevou sou yon peryòd douz (12) mwa san ou pa avèti biwo nou an, ou pral pèdi posiblite ou genyen pou ou pran randevou alavans.
- Se responsablite pa ou pou ou kontakte nou depi ou chanje asirans ou, non ou, adrès ou oswa nimewo telefòn ou.
- Ou dwe konnen ki asirans ou genyen epi peye nenpòt vèsman ki aplikab lè ou rive. Si yo pa t pran vèsman lè ou rive, yo pral mande ou pou ou repwograme randevou ou la.
- Yo dwe peye tout montan ki poko peye ki sou responsablite moun ki bay garanti a lè yo resevwa fakti ki dwe peye a epi sa dwe fèt nan 30 jou, sòf si yo te fè aranjman pou pèman espesyal ak biwo fakti nou an.
- Yo pral konfyè bay yon ajans koleksyon nenpòt kont ki pa peye apre 120 jou epi yo pral rapòte l bay yon biwo kredi. Frè ajans koleksyon 35% an ak frè avoka yo pral sou responsablite pasyan an ak/oswa moun ki bay garanti a.
- Si ou pa asire, tanpri mande resepsyonis la pou pwogram frè varyab nou an ki ka ede ou kalifye tèt ou pou jwenn sèvis ak yon pri redwi. Ou ka kalifye tou pou Medicaid. Mete sou sa, Maryland gen yon pwogram tou pou timoun ki pa gen asirans. Si ou kalifye pou pwogram frè varyab la, li nesesè pou ou gen yon prèv revni nan moman randevou a. Si nou pa resevwa dokiman ki nesesè yo, ou pral oblije peye yon **depo** \$95. Si ou bay prèv revni an nan 30 jou, ou ka kalifye pou yon ranbousman.
- Si yo fè pèman an pa mwayen chèk epi yo retounen l oswa refize l, yo pral aplike \$25.00 kòm frè pou retounen chèk sou kont ou (frè sèvis).

Si ou gen nenpòt kesyon konsènan responsablite pasyan ki anwo a, tanpri kontakte Manadjè Kont Kliyan nou an nan (410) 479-9100 oswa rele gratis nan (877) 745-2455.

Siyati Moun ki Bay Garanti a: _____

Dat: _____

Reprezantan CCHS la: _____ Dat: _____

Choptank Community Health System (Sistèm Sante Kominotè Choptank) Fòm Otorizasyon Dosye Medikal

Non Pasyan an: _____ Adrès: _____

Telefòn: _____

Dat Nesans Pasyan an: _____ Nimewo Sekirite Sosyal: _____

Pa mwayen dokiman sa a, mwen bay otorizasyon pou itilize oswa pibliye enfòmasyon sante ki pwoteje jan sa dekri anba a:

1. **Choptank Community Health System**, gen otorizasyon pou itilize oswa pibliye enfòmasyon sou mwen:

2. CHOPTANK COMMUNITY HEALTH gen dwa pibliye enfòmasyon sante ki pwoteje sou mwen.

Voye Pou:

Moun (yo)/Non Etablisman: _____

Adrès: _____

Nimewo Telefòn: _____ Nimewo Faks: _____

CHOPTANK COMMUNITY Health gen dwa resevwa enfòmasyon sante ki pwoteje sou mwen.

Resevwa Nan Men:

Moun (yo)/Non Etablisman: _____

Adrès: _____

Nimewo Telefòn: _____ Nimewo Faks: _____

3. Enfòmasyon espesifik yo ta dwe pataje (tanpri bay dat sèvis yo, si sa posib): _____

SÒF SI OU SIYEN LA A YO PA PRAL PATAJE OKENN ENFÒMASYON SOU ABI ALKÒL/SIBSTANS, VIH/SIDA, OSWA SANTE MANTAL:

WI, PIBLIYE ENFÒMASYON SA YO: _____

NO, PA PIBLIYE ENFÒMASYON SA YO: _____

4. Objektif mwen/itilize enfòmasyon sa yo se pou: _____

5. Otorizasyon sa a ap ekspire nan dat _____, 20____, OSWA nan ka kote evènman ki vin annapre a reyalize, epi sa gen rapò avè m oswa ki konsène objektif yo prevwa itilize oswa pibliye enfòmasyon ki konsène m: _____

Mwen konprann mwen ka ekri pou anile otorizasyon sa a. Yo dwe voye demann pou anilasyon an nan lapòs bay CCHS nan Atansayon – 'Responsab Konfidansyalite a' nan P.O. Box 660 Denton, MD 21629. Anilasyon an pa pral aplikab pou dosye mwen te deja bay otorizasyon pou pibliye, oswa pou nenpòt aksyon ki te fèt sou baz yon otorizasyon mwen te deja siyen.

Mwen konprann enfòmasyon sa a te itilize oswa pataje sou baz otorizasyon sa a kapab soumèt ak yon nouvo piblikasyon benefisyè a fè epi, si sa fèt, sa ka pa soumèt ak lwa federal la oswa lwa eta a ki pwoteje konfidansyalite yo.

Mwen konprann CCHS pral gen posiblite pou jwenn konpansasyon dirèk oswa endirèk an espès: _____ Moun ki Voye I:

_____ nan kad otorizasyon sa a.

Siyati moun nan oswa reprezantan an Relasyon ak reprezantan an Dat

Kopi ki te bay: CCHS pral bay yon kopi otorizasyon sa a, lè li siyen bay moun ki konsène a: _____ (Inisyayl)

Bay Hundred Medical & Dental Center: 933 S Talbot Street, St. Michael's, Md 21663 Telefòn: 410-745-0200 Faks: 833-908-2281

Chestertown Health Center: 126 Philosophers Terrace, Suite 101, Chestertown, MD 21620 21663 Telefòn: 443-215-5353 Faks: 833-615-2165

Denton Health Center: 808 S. 5th Ave, MD 21629 Telefòn: 410-479-2650 FAKS: 833-908-2283

Easton Pediatrics: 522 Cynwood Drive, Suite 100 Easton, MD 21601 Telefòn: 410-770-8910 FAKS: 833-908-2284

Fassett Magee Health & Dental Center: 503A Muir Street Telefòn: 410-228-4045 FAKS: 833-908-2286

Federalsburg Medical & Dental Ctr: 215 Bloomingdale Ave, Federalsburg, MD 21632, Telefòn: 410-754-9021 FAKS: 833-908-2285

Goldsboro Medical & Dental Center 316 Railroad Ave Goldsboro, MD 21636 Telefòn: 410-634-2380 FAKS: 833-908-2287



Pwogram Èd Finansye Pou Pasyan

Rabè pou Tarif k ap Diminye

Pwogram Rediksyon Tarif nan Choptank Community Health la bay pasyan yo swen medikal, swen dantè ak swen anrapò ak konpòtman ki nesèsè, egzamen laboratwa, ak kèk tès depistaj pou pasyan yo nan pri ki redwi selon revni pasyan yo.

Pou ou ka kalifye, ou pral bezwen ranpli kritè sou revni ak kantite moun ki nan fanmi an epi bay pyès jistifikatif tankou souch chèk, deklarasyon taks sou revni, lèt ki di yo apwouve sekirite sosyal yo, elatriye. Epi ou pral bezwen ranpli epi soumèt yon Fòm pou Demann Èd Finansye pou Pasyan.

Tanpri endike anba a si ou ta renmen jwenn lòt enfòmasyon sou pwogram sa a.

_____ Wi, tanpri voye pou mwen lòt enfòmasyon sou Pwogram Èd Finansye Pou Pasyan.

_____ Non, m pa ta renmen jwenn enfòmasyon sou Pwogram Èd Finansye Pou Pasyan nan moman sa a.

Non an Lèt Detache

Siyati

Dat: _____

Dat Nesans: _____



Fèy Akonpayman Faks

Pou: Choptank Community Health

Moun ki Voye I:

Non (lèt detache)

Kantite Paj: _____

Dat: _____

Tanpri fakse I nan:

Site	Fax
Bay Hundred Medical Center (St. Michaels)	(833) 908-2281
Chestertown Health Center	(833) 615-2165
Denton Health Center	(833) 908-2283
Easton Pediatrics	(833) 908-2284
Fassett Magee Medical Center (Cambridge)	(833) 908-2286
Sant Medikal Federalsburg	(833) 908-2285
Sant Medikal Goldsboro	(833) 908-2287